



# Biltén 2

## AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Konsèy Akademisyen Lang Kreyòl Ayisyen  
4 Desanm 2014

Premye Ranje: Soti Agoch Rive Adwat: Jocelyne TROUILLOT, Odette ROY-FOMBRUN, Marie-Rodny ESTEUS, Marie-Marcelle BUTEAU RACINE, Adline CHANCY, Gérard Marie Joachim TARDIEU  
Dezyèm Ranje : Michel Anne-Frédéric DE GRAFF, Michel-Ange HYPPOLITE (Kaptenn), Christian Emmanuel PLANCHER, Max Gesner BEAUVOIR, Guy Gérald MÉNARD, Féquière VILSAINT, Frenand LÉGER  
Twazyèm Ranje : André Serge BELLEGARDE, Pierre Michel CHÉRY, Jean Grégory CALIXTE, Christophe CHARLES, Clotaire SAINT-NATUS, Michel Frantz GRANDOIT, Pierre-André PIERRE, Samuel JEAN-BAPTISTE, Gesner JEAN-PAUL  
Katryèm Ranje : Marky JEAN-PIERRE, Fritz DESHOMMES, Claude PIERRE, Rogeda Dorcé DORCIL, Joseph Sauveur JOSEPH, Wilner DORLUS, Emmanuel Michel BAZILE, Jean Pauris JEAN-BAPTISTE, Nicolas ANDRÉ

### EDITORIAL

p2

### SELEBRASYON JOUNEN ENTÈNASYONAL

p2

Lansman ofisyèl mwa lang ak kilti kreyòl la

p2

Aktivite mwa lang ak kilti kreyòl

p3

Seremoni Jounen entènasyonal lang ak kilti kreyòl, 28 oktòb 2015

p3

Selebrasyon Jounen entènasyonal lang matènèl, 21 oktòb 2016

p4

Lansman Karavàn nasyonal AKA

p4

### AKTIVITE

p5

Atelye revizyon ôtograf kreyòl la

p5

Asanble Jeneral òdinè Akademisyen

p5

Fèt Prezidan Konsèy Administrasyon AKA

p6

Pwojè AKA pou lane 2016

p6

Patisipasyon AKA nan FILHA

p6

Patisipasyon AKA nan yon jounen refleksyon Tigwav

p7

### AKADEMI KREYÒL AYISYEN NAN KONSTITISYON 1987

p7

### ANONS

p8

Akademi Kreyòl pèdi yon Akademisyen : Ati Max Gesner Beauvoir

p8

## EDITORIAL

Depi 1804, tousuit apre lendepandans peyi a, dirijan yo t ap mande ki lang pou yo itilize pou komunikasyon ofisyèl nan nivo nasyonal ak nan nivo entènasyonal. Li te difisil pou yo pran yon desizyon pou fikse lang ofisyèl peyi a. Jou ale, jou vini, kesyon sa a te rete san repons. Nou rive nan lane 1918, sou lokipasyon ameriken (1915-1934) kote Konstitisyon an te vin mete franse lang ofisyèl peyi a, san li pa di anyen ditou sou lang kreyòl la alòske lang popilasyon an itilize se kreyòl. Sa lakòz, lang kreyòl la sibi anpil prejje ak diskriminasyon. Se jis nan lane 1964 Konstitisyon peyi a pèmèt moun itilize lang kreyòl pou defann dwa moun ki pa maton nan lang franse. Nan dat 28 sektanm 1979, Minis Edikasyon Nasyonal, Joseph Claude Bernard, pran yon dekrè pou fè lang kreyòl antre nan ansèyman. Men, jouk jounen jodi, timoun ap sibi gwo pinisyon ak prejje lè yo pale kreyòl.

Konstitisyon 1987 la rekonèt lang kreyòl se sèl lang ki simante tout Ayisyen yonn ak lòt (atik 5), epi, pou kore devlopman lang kreyòl la selon prensip lasyans nan lòd ak disiplin, li kreye yon Akademi Kreyòl (atik 213). Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) ansanm ak patnè li yo: Ministè Kilti, Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP), Fakilte Lengwistik Aplike (FLA) ak Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon (SEA), ap travay pou pèmèt popilasyon an jwi dwa lengwistik ak kiltirèl li. Nan okazyon selebrasyon lang ak kilti kreyòl, 28 oktòb 2015 ak selebrasyon lang matènèl, 21 fevriye 2016, AKA, ak sipò UNESCO, fè gwo kanpay sansiblizasyon ak pwomosyon pou lang ak kilti kreyòl la. Tèm mwa oktòb 2015 lan se : “An nou travay pou tou sèvis vin jwenn nou nan lang nou !” ; tèm tout aktivite mwa fevriye 2016 la se: “Lang nou se nou, pa gen sitwayen san lang”.

Nan okazyon selebrasyon lang matènèl la, AKA pwofite lanse nan Gonayiv, site lendepandans peyi a «Karavàn Nasyonal Akademi Kreyòl Ayisyen» ki ap pase nan tout depatman peyi a ak tèm: “Defans ak pwomosyon lang kreyòl, Dwa lengwistik ak kiltirèl an Ayiti”.

Se dwa tout Ayisyen pou yo jwenn tout sèvis yo bezwen nan lang yo. Se dwa nou tout, pou nou di sa nou santi nan lang nou. Lang nou se nanm nou, Lang nou se nou.

Avèk Akademi Kreyòl Ayisyen, prestij lang kreyòl la ak kilti kreyòl la ap monte pi wo !

*Lucka Jouthe Beauvil  
Direktris Kominikasyon  
Akademi Kreyòl Ayisyen*

## SELEBRASYON JOUNEN ENTÈNASYONAL

### Lansman ofisyèl mwa lang ak kilti kreyòl la



Lansman mwa lang ak kilti kreyòl 1<sup>e</sup> oktòb 2015 / Sous foto: Achiv AKA

10è nan maten, AKA te bay yon konferans pou laprès nan lakou Ministè Kilti a epi li te anonse tèm

**P**ou selebre Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti Kreyòl la, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA), nan kolaborasyon ak Ministè Kilti ak lòt patnè li yo tankou: Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP), Fakilte Lengwistik Aplike (FLA), Invèsite Leta Ayiti, Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon (SEA) ak UNESCO, te lanse yon “mwa lang ak kilti kreyòl” nan peyi a ak nan kèk kominote ayisen ki ap viv nan peyi etranje nan dat 1<sup>e</sup> oktòb 2015 lan. Bò

tout aktivite mwa oktòb la pou ane a: « An nou travay pou tout sèvis vin jwenn nou nan lang nou! »

Nan konferans pou laprès la, Prezidan Konsèy Administrasyon Akademi an, Mesye Jean Pauris Jean-Baptiste, te li mesaj Akademi an kote li t ap mande tout Ayisyen pou yo santi yo fyè dèske yo se yon pèp kreyòl. Apresa, li te prezante pwogram mwa lang ak kilti kreyòl la bay medya yo.

Bò5ènan aprèmidi, nan « Ciné Théâtre Triomphe » ki sou Channmas, Akademi an te lanse mwa lang ak kilti kreyòl la ofisyèlman nan prezans anpil patnè, pèsonalite politik ak senpatizan ki sòti nan diferan sektè. Pami pèsonalite ki te prezan yo, te gen kèk ki te pran lapawòl nan okazyon an, nou ka site : Premye Minis peyi a, Ekselans Mesye Evans Paul; Minis Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl la, Mesye Nesmy Manigat; Minis Kilti a, Madam Dithny Joan Raton; Prezidan Konsèy Administrasyon Akademi an, Mesye Jean Pauris Jean-Baptiste; Rektè Invèsite Leta a, Mesye Jean Vernet Henry; Repräsentant UNESCO a, Mesye Paul Gomis; Sekretè d Eta pou Alfabetizasyon an (SEA), Mesye Jean Wilberson Timothée.

Plizyè gwoup atis, tankou Twoup dans Viviane Gauthier, Gwoup Akoustik Fanm Kreyòl, te patisipe nan mete animasyon nan sware a, kote te gen dans, chan, montaj tèks, cho tanbou, elatriye.

## Aktivite mwa lang ak kilti kreyòl

**N**an okazyon Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti Kreyòl jou 28 oktòb 2015 lan, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) te organize yon mwa aktivite soti 1e pou rive 31 oktòb 2015 an Ayiti kou nan lòt kominote ayisyen ki ap viv lòt bò dlo.

Pandan tout mwa oktòb la, Akademi an te reyalize yon seri konferans-deba, espozision liv/dokiman kreyòl, yon fowòm sou lang kreyòl ak plizyè aktivite kiltirèl, nan lide pou li fè pwomosyon lang ak kilti kreyòl la epi ankouraje jèn yo li ak ekri kreyòl. Aktivite sa yo te dewoule nan

invèsite (Invèsite Leta Ayiti), lekòl (Kolèj 'Roger Anglade', Kolèj 'Catts Pressoir', Kolèj 'Bird', Lise 'Jean Jacques Dessalines', elatriye), bibliyotèk ('Bibliothèque Nationale d'Haïti', Bibliyotèk Katrin Durham) ak nan kèk lòt enstitusyon tankou : Ministè Kilti ak Biwo Nasyonal Etnoloji (BNE). Nan divès entèvansyon Akademisyen yo te fè, yo te pwofite fè popilasyon an konnen orijin Akademi an ak misyon li, orijin lang kreyòl ak kilti kreyòl, wòl lang kreyòl la nan edikasyon an Ayiti.

Patisipan yo pa t neglige montre satisfaksyon yo nan chak aktivite. Yo te poze anpil kesyon ki montre kouman sijè entèvenan yo te devlope yo te enterese yo. Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) kase randevou ak popilasyon an pou oktòb 2016, pou yon pwogram ki pi rich, ki pi enteresan toujou.

## Seremoni Jounen entènasyonal lang ak kilti kreyòl, 28 oktòb 2015.



Selebrasyon jounen entènasyonal lang kreyòl, 28 oktòb 2015  
Sous foto: Archiv AKA

**J**ou ki te 28 oktòb 2015 lan, vè 6è30 nan aswè, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) ansanm ak Ministè Kilti mete bout nan aktivite yo ak yon koudjay kiltirèl nan kyòs « Occide Jeanty », Channmas. Gwo pèsonalite nan Leta a tankou

nan sektè prive a, pwofesè, direktè lekòl, etidyan, élèv, te kite tout lòt aktivite yo pou yo vin selebre jou sa a.

Plizyè pèsonalite te pran lapawòl nan sikonstans lan: Prezidan Konsèy Administrasyon AKA a, Mesye Jean Pauris Jean-Baptiste; Direktè Jeneral Biwo Nasyonal Etnoloji a (BNE), Mesye Erol Josué; Direktè Sosyete Animasyon ak Kominikasyon Sosyal (SAKS), Mesye Ary Regis. Pandan sware sa a, Akademi an te pwofite rekonpanse 3 moun ki te genyen nan konkou korespondan radyo li te lanse nan mwa dawou a: Robenson Henry (Radyo Kiskeya), Alex Moïse (Radyo Vision 2000), Brina Taulème Emmanuel (Radyo Kiskeya).

Ministè Kilti ansanm ak AKA te onore plizyè moun ki te travay anpil nan pwomosyon lang ak kilti kreyòl la: Jean Pauris Jean-Baptiste, Odette Roy Fombrun, Adeline Magloire Chancy, Fritz Deshommes, Yves Dejean. Aktivite a te dewoule avèk gwoup twoubadou « Rapadou » ki te koumanse sware a avèk anpil bèle mizik lakay ; BIC, ki te mete anpil animasyon nan kyòs la ; twoup Maelle David la, nan yon defile mòd ak kostim kreyòl; epi Ti Koka ki te mete bout nan sware a bò 9è nan aswè.

## Selebrasyon Jounen entènasyonal lang matènèl, 21 oktòb 2016

Soti 14 rive 21 fevriye 2016, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) nan tèt kole ak UNESCO, Invèsite Leta Ayiti, Direksyon Nasyonal Liv (DNL), te selebre an gran ponp Jounen Entènasyonal Lang Matènèl la sou tèm sa a : « Lang nou se nou, pa gen sitwayen san lang ».

Pandan tout semèn nan, manm Akademi an te pase nan radyo ak televizyon pou sansiblize popilasyon an sou enpòtans jounen sa a epi fè pwomosyon pou lang kreyòl la ak dwa lengwistik tout Ayisyen. Nan « Centre de Lecture et d'Animation Culturelle (CLAC) » yo, te gen aktivite kiltirèl ak espozisyon liv/dokiman kreyòl. AKA te bay de (2) konferans pou laprès : yonn nan vil Gonayiv ak yon lòt nan vil Pòtoprens.

Selebrasyon ofisyèl la te fèt nan vil Gonayiv, site lendepandans peyi d Ayiti. Depi nan samdi aprèmidi te genyen espozisyon liv/dokiman kreyòl, konferans-deba nan lekòl Dwa Gonayiv la ak nan lise « Fabre Geffrard ». Dimanch 21 fevriye a menm bò 5è nan aprèmidi, te gen gwo koudjay kiltirèl sou plas publik Gonayiv la. Prezidan Konsèy Administrasyon Akademi an, Mesye Jean Pauris Jean-Baptiste, te bay diskou li; Reprezantan UNESCO a, Mesye Paul Gomis, Majistra Gonayiv la, Mesye Jean-Robert Louidor, Direktè Depatmantal Adjwen Ministè Edikasyon Nasyonal nan Gonayiv la, Mesye Daniel Jean-Charles, yo tout te pran lapawòl nan okazyon sa a. Gwoup rasin, cho tanbou, gwoup akapela, se tout sa ki te genyen nan kokennchenn manifestasyon kiltirèl sa a. Plis pase demil (2000) moun te deplase pou vi n asiste gwo evènman sa a.



Selebrasyon jounen entènasyonal lang matènèl 21 fevriye 2016  
Sous foto: Archiv AKA

## Lansman Karavàn nasyonal AKA.

21 fevriye 2016 la, Akademi an lanse « Karavàn Nasyonal Akademi Kreyòl » la ki gen pou tèm: « Defans ak pwomosyon lang kreyòl, Dwa lengwistik ak kiltirèl an Ayiti ».

AKA gen pou li mache nan dis (10) depatman

peyi a pou li chita pale, braselide ak tout kouch nan popilasyon an. Karavàn sa a ap pèmèt AKA ranpli prensipal misyon li ki se fè pwomosyon lang kreyòl, dwa lengwistik ak kiltirèl tout Ayisyen.

UNESCO pwomèt pou li akonpaye Akademi Kreyòl Ayisyen an (AKA) nan karavàn nasyonal sa a.

## AKTIVITE

### Atelye revizyon òtograf kreyòl la

**N**an kad akò Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) siyen ak Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP), AKA reyalize ak konkou Ministè a ansanm ak Fakilte Lengwistik Aplike (FLA), twa (3) gwo atelye sou revizyon òtograf kreyòl 1979 la.

AKA te òganize premye atelye a nan dat 13-14-18 dawou 2015, nan sal Konferans Joseph C. Bernard nan MENFP a. Li te reyalize dezyèm nan nan lokal pòsgradye Inivèsite leta a, 3-4 septamm 2015; epi li te fè twazyèm nan toujou nan lokal pòsgradye a nan dat 8-9 oktòb 2015.

Pandan sèt (7) jounen travay sa yo, AKA te reyini Akademisyen, Kad nan MENFP, Direktè lekòl, Pwofesè inivèsite, Tradiktè, Editè, Journalis, pou yo reflechi sou divès pwoblèm yo remake òtograf 1979 la bay nan esperyans yo fè epi sou fason yo kapab ofri popilasyon an yon pi bon òtograf k ap pèmèt timoun aprann pi byen ak pi vit lekòl. Akademi an te ranmase tout pwopozisyon yo. Pou kounye a, Akademisyen yo ap travay sou pwopozisyon sa yo ki ap pèmèt AKA remèt Ministè a dènye desizyon yo. AKA ap kontinye travay ak MENFP pou rès travay ki rantre nan kad akò a tankou:

- Fòmasyon pwofesè kreyòl sou prensip didaktik lang nan;
- Amenajman lang kreyòl ayisyen an nan sistèm edikatif la;
- Evalyasyon lengwistik materyèl eskolè yo;
- Fòmalizasyon kèk konsèp gramè nan lang kreyòl la;

- Revizyon kourikouloum lekòl fondamantal la ak nouvo segondè a.

### Asanble Jeneral òdinè Akademisyen



Asanble jeneral Akademisyen 5 desanm 2015 / Sous foto: Achiv AKA

**K**onsèy Akademisyen Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) te òganize dezyèm asanble jeneral òdinè li, sòti 4 rive 6 desanm 2015, nan otèl « Kaliko Beach » pou li make premye lane enstalasyon li. Nan okazyon asanble jeneral sa a, Akademisyen yo te pwofite fè bilan lane 2014-2015 lan epi yo te bay oryantasyon pou lane 2015-2016 la.

Pandan twa (3) jou asanble a, yo te travay sou dosye sa yo:

- Rapò bilan Konsèy Administrasyon an ak rapò bilan Sekretarya Egzekitif la sou tout travay Akademi an te fè, sòti mwa oktòb rive mwa novanm 2015 ;
- Priyorite Akademi an pou lane 2015-2016 ;
- Dokiman ki defini mòd fonksyònman ak travay Konsèy Konsilitatif Akademi an daprè lwa pou kreyasyon Akademi an ;
- Règleman Entèn Akademi an ;
- Revizyon òtograf lang kreyòl ayisyen an.

Akademisyen yo kase randevou pou 3-4 jen 2016 pou yon asanble jeneral estwòdinè. Yo pral genyen pou bay dizon yo sou nouvo òtograf ofisyèl lang kreyòl la, yo pral kontinye diskite kèk pwen ki merite plis konsiderasyon ak limyè, epi yo ap pwofite tan sa a pou yo patisipe nan Konferans Anyèl Etid Karibeyen an ki ap fèt pou premye fwa an Ayiti, sòti 5 pou rive 11 jen 2016.

## 4 desanm 2014 – 4 desanm 2015, premye rekòt kafe AKA

4 desanm 2014 - 4 desanm 2015, sa fè yon lane depi komite pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen an (AKA) enstale Akademisyen yo. AKA pwofite asanble jeneral sa a pou li fete premye lane egzistans Akademi an.

Selebrasyon 1<sup>e</sup> anivèsè enstalasyon Akademisyen  
5 desanm 2015  
Sous foto: Achiv AKA



## Fèt Prezidan Konsèy Administrasyon AKA



Anivèsè Jean Pauris Jean-Baptiste  
15 mas 2016 / Sous foto: Achiv AKA

Jou madi 15 mas 2016 la, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) tereyini Akademisyen ak Anplwaye yo pou fete 80 rekòt kafe Prezidan Konsèy Administrasyon an, Mesye Jean Pauris Jean-Baptiste. AKA te tou pwofite okazyon sa a pou li wete chapo devan twa (3) lòt Akademisyen ki déjà franchi 80 lane: Madam Odette Roy

Fombrun, Madam Adeline Magloire Chancy ak Madam Marie Marcelle Buteau Racine.

Akademi an swete pou nouveau rekòt kafe sa a pote plis fòs ak kouraj pou Prezidan Konsèy la kontinye lite pou flanbo lang ak kilti kreyòl la klere pi plis.

Akademi Kreyòl Ayisyen ap di Prezidan Jean Pauris Jean-Baptiste Kenbe fèm, pa lage!

## Pwojè AKA pou lane 2016

Yonn nan pi gwo priyrite Akademi Kreyòl Ayisyen an, se vizite tout depatman sou teritwa a pou fè pwemosyon lang ak kilti kreyòl la. Aktivite sa a te kòmanse depi nan ane 2015 lan, AKA te organize anpil konferans-deba nan plizyè lekòl ak inivèsite nan Pòtoprens, Lenbe, Tigwav ak Gonayiv.

Pou lane 2016 la, Akademi an genyen kat (4) gwo pwojè kòm priyrite li:

1. Rapousuiv vizit li yo nan tout depatman peyi a pou fè konnen misyon Akademi an epi fè

pwomosyon pou respè dwa lengwistik tout Ayisyen . Nan lide sa a, Akademi an lanse yon karavàn nasyonal nan vil Gonayiv nan okazyon jounen entènasyonal lang matènèl la, jou 21 fevriye 2016 la, sou tèm : « Defans ak pwomosyon lang kreyòl, Dwa lengwistik ak kiltirèl an Ayiti » ;

2. Validasyon sistèm òtograf lang kreyòl la (Pwojè sa a an chantye) ;
3. Kòlòk nasyonal sou sistèm jistis ak lang nan peyi a ;
4. Fòmasyon sou lang kreyòl ak revizyon lengwistik kreyòl pou kad nan administrasyon piblik la.

### Patisipasyon AKA nan FILHA



Patisipasyon AKA nan FILAH 12 desanm 2015 / Sous foto: Achiv AKA

**A**kademi Kreyòl Ayisyen (AKA) te patisipe nan twazyèm edisyon “Foire Internationale du Livre Haïtien (FILHA)”, Direksyon Nasyonal Liv (DNL) te òganize sou tèm: « Li pou libere tèt ou », nan dat 11 pou rive 13 desanm 2015 lan sou Plas Petyon, Channmas.

Pandan twa jou sa yo, AKA te reyalize Espozisyon liv / dokiman an kreyòl ak sou kreyòl avèk Tab pou lavant liv / dokiman kreyòl. Aktivite sa yo rantre nan youn nan misyon Akademi an: fè pwomosyon pou lang ak kilti kreyòl la. Se yon fason pou Akademi an ankouraje moun li kreyòl epi ekri kreyòl.

Plizyè moun te fè deplasman pou al vizite epi pou achte liv ki enterese yo. Anpil nan yo te sezi wè kantite liv ki ekri sou lang kreyòl ak liv ki ekri nan lang kreyòl.

### Patisipasyon AKA nan yon jounen refleksyon nan Ti Gwav.



AKA nan Tigwav 29 desanm 2015 / Sous foto: Achiv AKA

Jou madi 29 desanm 2015 lan, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) te patisipe nan yon atelye refleksyon « Centre de Recherche et d’Etudes Littéraires (CREL) » te òganize sou tèm : « Poukisa nou dwe fè makonn pou nou fè lapè ak lang ki nan bouch nou ? », nan zòn Mawoz (Tigwav). CREL te reyalize atelye sa a nan objektif pou « dekonplekse patisipan yo epi ede yo pran angajman pou chache dekonplekse lòt jèn parèy yo nan rapò yo genyen ak Lang ».

Pandan jounen sa a, AKA te pwofite fè espozisyon liv ak dokiman ki ekri an kreyòl ak sou kreyòl, epi Akademisyen Jean Pauris Jean-Baptiste ak Akademisyen Pierre Michel Chéry te fè yon rale sou tèm nan. Jèn yo te apresye braselide sa a anpil epi yo te kontan wè plizyè liv (syantifik, pwezi, woman, elatriye) ki ekri an kreyòl. « Centre de Recherche et d’Etudes Littéraires (CREL) » te fè konnen li espere Akademi an ap toujou patisipe nan tout aktivite li ap fè ki konsène lang ak kilti kreyòl la.

### Akademi Kreyòl Ayisyen nan Konstitisyon 1987

29 mas 1987 - 29 mas 2016, sa fè 29 lane depi Konstitisyon peyi a pote de (2) gwo atik pou devlòpman Lang ak Kilti Kreyòl la: Atik 5 ki mete kreyòl lang ofisyèl nan menm ran ak franse epi atik 213 ki kreye Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA).



Akademisyen Max Gesner Beauvoir / Sous foto: Archiv AKA

## ANONS

### Akademi Kreyòl pèdi yon Akademisyen : Ati Max Gesner Beauvoir

Akademisyen, Ati Max Gesner Beauvoir ale kite nou jou madi 12 septanm 2015 lan.

Ati Beauvoir se premye moun yo te nome Ati Nasyonal nan dat 7 mas 2008, li te manm Komite pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen an (AKA). Li te reprezante Konfederasyon Nasyonal Vodouyzan Ayisyen (KNVA) nan Akademi an. Ati Beauvoir te lite anpil pou fè respekte dwa kiltirèl tout Ayisyen tout kote li te konn pase. Se te yon gran defansè kilti lakay. Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) pap sispann di Ayibobo pou potorik mapou sa a ki tonbe. Sektè vodou a gen pou pwopoze candida Akademisyen pou ranplase Ati Beauvoir.

### Ekip Bilten an

#### Pwodiksyon

Direksyon komunikasyon AKA

#### Kòdinasyon

Lucka Jouthe BEAUVIL

#### Redaksyon

Mideline DRAGON

Emmanuel LAFALAISE

#### Revizyon

Jean Grégory CALIXTE

Adeline Magloire CHANCY

Wilner DORLUS

Luna GOURGUE

#### Konsepsyón

Herold JOSEPH

#### Piblikasyon

Sekretarya Egzekitif AKA

## Akademi Kreyòl Ayisyen

#6 Ri "des Marguerites, Turgeau", Pòtoprens, Ayiti

(509)3333-0815 / 3333-0818 / 2817-5965

akademikreyol@yahoo.fr

[www.facebook.com/akademi.kreyol](http://www.facebook.com/akademi.kreyol)

[www.akademikreyol.net](http://www.akademikreyol.net)